



Pwofil Imigrasyon, Diskriminasyon nan Lojman ak Asèlman Lokatè Kesyon yo Poze Souvan

1. Kisa diskriminasyon pou lojman ye?

Anba Lwa pou Lojman Ekitab (Fair Housing Act) ak Lwa Eta Nouyòk sou Dwa Moun (New York State Human Rights Law), li ilegal pou (1) refize lwe, vann, finans, asire oubyen negosye sou baz kèk karakteristik ki pwoteje; (2) etabli tèm oubyen kondisyon oubyen bay sèvis ki enjis sou baz kèk karakteristik pwoteje; (3) fè, enprime, pibliye oubyen sikile deklarasyon oubyen reklam ki diskriminatwa; (4) fè fo reprezantasyon sou disponiblite lojman sou baz kèk karakteristik pwoteje; (5) entèfere, fòse oubyen entimide sila yo k ap cheche egzèsè dwa yo; (6) fè reprezay; (7) refize fè oubyen bay enfòmasyon pou yon prè oubyen enpoze tèm oubyen kondisyon pou yon prè sou baz kèk karakteristik ki pwoteje; ak (8) fè asèlman, menase entimide oubyen fòse nenpòt moun..

2. Eske Fair Housing Act la ansanm ak New York State Human Rights Law, pwoteje mwen kèlkeswa pwofil imigrasyon mwen?

Wi. Tout Nouyòkè kouvri anba Fair Housing Act ak tout New York State Human Rights Law. Anpil lokalite gendwa genyen pwòp lwa pwoteksyon anplis yo, mete sou New York State Human Rights Law ak Fair Housing Act. Lwa sa yo bay pwoteksyon kont diskriminasyon ki baze sou yon kantite karakteristik pwoteje (ras, kredo, koulè, andikap, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, pwofil militè, laj, sèks, eta sivil oubyen kondisyon famiyal). Diskriminasyon sou baz nenpòt nan karakteristik sa yo ilegal kèlkeswa pwofil imigrasyon viktim nan.

Pa egzanp:

- Si yon founisè lojman egzije yon pi gwo depo nan men w akòz de ras ou, sa a se yon diskriminasyon ilegal kèlkeswa pwofil imigrasyon w.
- Si yon pwopriyetè chaje w yon montan diferan pou lokasyon oubyen yon depo sekirite pi wo akòz de nasyonalite orijin ou, sa se diskriminasyon ilegal kèlkeswa pwofil imigrasyon w.

3. Kisa asèlman lokatè ye?

Lwa Nouyòk ansanm ak kèk lwa lokal entèdi pwopriyetè ak/oubyen ajan li fè asèlman sou lokatè. Pa egzanp, lwa estabilizasyon lokasyon ak lwa lokal Vil Nouyòk rann li ilegal pou yon pwopriyetè oubyen nenpòt k ap ranplase pwopriyetè a pou poze aksyon nan entansyon pou entèfere oubyen twouble konfò, lapè, repo oubyen lajwa trankil yon lokatè, oubyen nan entansyon pou fè lokatè sa a libere akomodasyon lojman sa a.

Pa egzanp:

- Si yon pwopriyetè a pase a laksyon, tankou frape pòt ou, etenn chofaj ou nan nivè, oubyen fè abi vèbal sou ou, yon fason pou li fè w remèt apatman an, sa a gendwa se asèlman ilegal lokatè.

4. Eske w gen pwoteksyon kont asèlman lokatè, kèlkeswa pwofil imigrasyon mwen?

Wi. Ou gen pwoteksyon kont asèlman lokatè dapre plizyè lwa lojman ki ka aplike. Pa egzanp, lwa estabilizasyon lokasyon pwoteje w kèlkeswa pwofil imigrasyon w, depi w nan yon apatman ki byen regilarize.

Pou w jwenn si w nan yon apatman ki byen regilarize, kontakte Renouvèlman Kay ak Kominote NYS (NYS Homes and Community Renewal) Pou lòt kesyon, tanpri kontakte founisè sèvis ki nan lokalite w la.

5. Kisa diskriminasyon sou orijin nasyonal ye?

Diskriminasyon orijin nasyonal se lè yo trete w yon fason diferan nan lojman akòz de zansèt ou, etnisite w, kote w te fèt, kilti w ak lang ou. Sa ilegal. Yon moun paka refize w opòtinite lojman paske oumenm oubyen fanmi w sòti nan yon peyi diferan, paske w gen yon non oubyen yon aksan ki asosye ak yon gwoup orijin nasyonal oubyen paske w patisipe nan tradisyon ki asosye ak yon gwoup orijin nasyonal.

6. Kisa diskriminasyon relijyon/kredo ye?

Diskriminasyon relijyon oubyen kredo se lè yo trete w yon fason diferan akòz de relijyon w oubyen deklarasyon oubyen sistèm kwayans, prensip oubyen opinyon w. Apa kèk eksepsyon limite, sa ilegal. Yon founisè lojman pa ka poze w kesyon sou relijyon w epi pa ka refize w opòtinite lojman akòz de pèsèpsyon oubyen relijyon oubyen kredo aktyèl ou genyen.

7. Kiyès mwen ta dwe kontakte si mwen panse m te viktim diskriminasyon pou lojman?

Si w panse w te viktim yon diskriminasyon, ou ka depoze yon plent pou sa w ap kontakte:

New York State

Division of Human Rights

One Fordham Plaza

4th Floor

Bronx, New York 10458

Telefòn gratis (888) 392-3644

TDD/TTY (718) 741-8300

Paj Akèy: <http://www.dhr.ny.gov/>

Gid pou Lojman Ekitab: <https://dhr.ny.gov/sites/default/files/pdf/nysdhr-fair-housing-guide.pdf>

8. Kiyès mwen ta dwe kontakte si mwen panse m te viktim asèlman lokatè?

Si w ap viv nan yon apatman ki regilarize epi w panse w te viktim asèlman lokatè, tanpri kontakte:

NYS Homes & Community Renewal

Tenant Protection Unit

641 Lexington Avenue

New York, NY 10022

Imèl: TPUinfo@nyshcr.org

Paj Akèy: <https://hcr.ny.gov/tenant-protection-unit>

Si w ap viv nan yon apatman ki regilarize epi w panse w te viktim de asèlman lokatè, tanpri kontakte founisè sèvis jiridik ou.